

ENFOMASYON DE LAKAY OU

Pwemye Non ou Non Fanmi ou

Adrès

Niméwo Apatman

Vil Éta Kòd Postal

Téléfòn (mété kòd zon nan tou)

ENFOMASYON DE TRAVAY OU

Non Konpanyi an

Dépatman

Adrès travay la

Vil Éta Kòd Postal

Téléfòn (mété kòd zon nan tou)

Lè Travay ou: ____AM/PM ____AM/PM

Èské lè travay ou fleksib?

Wi: __15 minit __30 minit __45minit __ 60 minit

Non: __ Li pa fleksib

ENFOMASYON DE MACHIN OU

Èské ou gen machin disponib? __Wi __ Non

Konbyen jou pa semen ou: __Kondui sèl __Kapoul
__Vanpoul __Maché a pyé __ Bisiklèt

Konsantman

Mwen dakò pou yo mété enfomasyon pèsoneel mwen bay la-a nan rèkòd Commuter Services Ridemaching, é yo kapab itilizé rèkòd sa yo pou chèché lòt moun ki abité tou prè ak mwen, kap fè menm wout ak mwen, ki pral travay prèské menm koté ak mwen, é ki vlé vwayajé en komen ak lòt moun nan van-n oubyen nan machin. Mwen konpran-n tou ké lòt moun ka résévwa enfomasyon-m yo, ki vlé di koté mwen rété (èksèpté niméwo kay mwen) ak koté-m alé travay, pou yo kap kontakté mwen pou diskité ak mwen zafè transpotasyon en komen ak lòt moun nan van-n ouswa nan vwati. Épitou, mwen konpran-n ké Commuter Services pa pra-l bay lòt konpanyi ki kon-n fè piblisité enfomasyon pèsoneel mwen yo. Mwen konpran-n tou ké patisipasyon-m nan zafè vwayaj ak lòt moun nan van-n oubyen nan vwati sé yon désizyon pèsoneel, é mwen menm sèl responsab pou kondit mwen ak patisipasyon-m lè ma-p vwayajé ansanm ak lot moun. Mwen rékonèt tou mwen resposab pou chèhé konnen si moun yo ban-m non yo-a kapab patisipé nan pwogram sa-a, sètadi ké yo gen bon rèkòd pèsoneel ak nan zafè kondui vwati, épitou vwati moun sa yo maché byen. Dépatman Transpò nan Floride, ak moun ki gen kontra ak li yo, épitou Commuter Services, pa pra-l gen responsablité ak obligasyon pou réklamasyon, dépans, oubyen domaj ki rivé akoz patisipasyon yon moun nan zafè vwayaj ansanm ak lòt moun nan vwati ou nan van-n. Mwen kab mandé pou weté non-m ninpot ki lè nan rèkòt Commuter Services Ridemaching. Mwen konpran-n tou sé pou mwen genyen 18 tan pou mwen patisipé nan pwogram sa-a.

Siyati _____ Dat _____

Commuter Services bay asistans gratis pou édé ou fè vwayaj ak lòt moun! Rélé nan nimewo gratis sa-a 1-866-585-RIDE! oubyen vizité nou nan intènèt sit sa-a www.CommuterServicesFL.com

TRANSPOTASYON NAN MACHIN-N

Nou ka matché ou ak lot moun ki abité é ki ap travay toupré ak ou, ki fè vwayaj alé rétou regylyèman menm lè ak ou, é ki interésé fè rout la ak ou nan machin-n. Commuter Services kapab évité ou pèdi tan si ou ta vlé chaché yon patnè pou fè vwayaj ak ou. Rèkòd nou genyen nan intènèt fè réchèch la fasil. Simpleman, renpli fom sa –a, oubyen alé nan intènèt adrès nou an: www.CommuterServicesFL.com pou ou bay enfomasyon ou yo. Nou pap janm bay lòt dépatman enfomasyon pèsonel ou yo. Ki donk, ou kap vwayajé ak kè pozé.

TRANSPOTASYON NAN VAN-N

Vwayajé nan yon van-n ak lòt pasajé, é fè tan ou pran pou fè vwayaj alé rétou sa-a tounin tan podiktiv! Sa vlé di, ou kap itilizé tan an pou ou li, Komplété travay ou, ou sinpléman chita é répozé ou! Vanpool se “gro” carpool koté 5-15 moun fè vwayaj ansanm é patajé pri vwayaj alé rétou sa a ansanm nan yon kamyonèt. Rélé Commuter Services pou plis detay.

ENFOMASYON SOU TRANSPOTASYON PIBLIK LOKAL

Sidwès Floride gèn plis ké 10 diféran ajans transpotasyon lokal ki la pou sèvi ou. Nou ka ba ou enfomasyon sou ninpot nan bon sevis sa- a, é nou ka édé ou konèkté ak yon lòt mouayen pou alé travay. Anplwaye nou yo kabab édé mèt travay ou -a mété sou pyé yon pògram pou ou gen rabè sou taks ou gen pou péyé nan dépans pou transpotasyon ou; kidonk zafè vwayaj alé rétou pou al travay vin-n pi fasil.

KOTÉ POU RÉLÉ

Commuter Services pral édé ou genyen tout enfomasyon ki nesésé pou ou déplasé nan vil -la pi fasil. Anplwayé nou yo gen enfomasyon ou bézyon sou zafè vwayajé ansanm ak lòt pasajé nan vwati ouswa nan van-n; sètadi koman pou konekté ak transpotasyon piblik ki tou pré ou. _ plis anko, nou gen moun ki la pou répond kesyon ou yo, é ki pou bay ou enfomasyon sou koman pou rétiré tèt chajé ki genyen nan zafè vwayaj alé rétou pou al travay. Anplwayé Commuter Services yo bay enfomasyon nan dé lang: anglé ak panyòl.

LOT MWAYEN POU VWAYAJÉ

Si kounye- a ou kondit pou kont ou, ou kapab komansé ékonomizé plis tan ak lajan si ou chaché yon lòt mwayen pou al travay. Chaché yon lòt mwayen pou fè vwayaj alé rétou sa-a kapab édé ou diminouye dépans ou pou gazolin, édé machi-n ou diré pi lontan, é lap diminouye fatig ou lè ou pasé mwans tan dèyè volan yon machin-n. Commuter Services kapab édé ou jouen yon mwayen kab pi bon pou ou, ké sé tranpotasyon alé rétou nan machin-n, nan van-n, oubyen maché a pyé, oubyen sou bisiklèt pou alé travay.

SÈVIS POU MÈT TRAVAY

An kooperasyon ak mèt travay ou-a, Commuter Services kapab édé mété sou pyé yon pwogram espesyal kab gen bénéfis pou kote wap travay la. Chaché konnin si genyen sémenm travay ki konprésé, lè travay ki alténé, ou byen yon pogram ki pèmèt ou fè travay ou louin dé biro ou; tou sa sé solisyon pou al travay alé rétou pou konpagni ou an. Kontakté ofis travay ou- a é palé yo apwopo de Commuter Services.